**MADRASAH IBTIDAIYAH PSM NGLENCONG**
**ASSESMEN AKHIR SEMESTER GANJIL**
**TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

| | |
|---|---|
| **Mata pelajaran : BAHASA JAWA** | **Hari/Tanggal :** |
| **Kelas : VI (Enam)** | **Waktu :** |

**Pilihen salah siji wangsulan sing ko anggep benar kanthi nulis huruf gedhe ana ceceg-ceceg soal!**

1. Ing ngisor iki kalebu tuladane tembang dolanan, *kajaba* ... .
   a. gambuh b. gundhul pacul c. jamuran d. mentog-menthog
2. Adhiku bubar lara saiki awake kari *lunglit*.
   Tembung *lunglit* tegese ... .
   a. kari kulit b. balung kulit c. balungan d. balung cilik
3. *Doni : " Wid, konco-konco mengko arep dolan neng omahmu".*
   *Widi : " ...".*
   *Doni : " Budi, Dewi lan Dinda".*
   *Widi : "O, iyo tak tunggu" .*
   Ukara kang mathuk kanggo njangkepi pacelathon ing nduwur yaiku ….
   a. Sapa jenenge ? b. Ya, tak parani c. Karo sopo? d. Sapa wae sing dolan?
4. Teks kang isine kumpulan data utawa fakta kang wis diolah satemah nduweni makna kanggo pamacane diarani teks....
   a. dheskripsi b. eksposisi c. informasi d. narasi
5. *Eyang rawuh saka Semarang pinaringan ... .*
   tembung saroja kang mathuk kanggo njangkepi ukara ing duwur yaiku ... .
   a. rahayu wilujeng b. tata krama c. kerta raharja d. tentrem ayem
6. Ing ngisor iki jinise teks informasi, **kajaba** ….
   a. teks fiksi b. teks pariwara c. teks pawarta d. teks persuasi
7. Ing ngisor iki sing kalebu ukara kang nduweni pola J-W-L-K, yaiku ... .
   a. Budhe lagi dondom klambi c. Mely lagi ana kelas
   b. Ibu mundhut sayuran menyang Pasar d. Bimo mangan dhek sore
8. Wacan kang isine informasi ngenani sawijining prastawa kang dumadi diarani teks ... .
   a. dheskripsi b. narasi c. pawarta d. persuasi
9. Ing ngisor iki titikane basa sajrone pawarta, **kajaba** ... .
   a. dawa b. cekak c. cetha d. narik kawigaten
10. Unsur kang ngemot papan kadadeyan ing sajrone pawarta iku diarani ... .
    a. what b. when c. where d. why
11. Jinis pawarta adhedhasar wilayah, kajaba ... .
    a. lokal b. regional c. nasional d. kulawarga
12. Anak sapi jenenge pedhet, yen anak kebo jenenge ... .
    a. kuthuk b. minthi c. bledug d. gudel
13. Ukara ing ngisor iki sing nggunakake seselan in yaiku.....
    a. Buku basa jawa jinupuk Amin ing laci meja
    b. Sega jagung iku wis tumumpang ing dhuwur wakul
    c. Bapak tindak Surabaya
    d. Adhik ditimbali ibu, arep didulang karo iwak pindang
14. Pegawean utawa profesi kang ngupaya golek lan nulis warta diarani. ....
    a. wartawan b. nara sumber c. redaksi d. wawancara
15. Tembang macapat klebu jinis ....
    a. Kasusastran jawa c. tembang dolana
    b. Tembang ageng d. unen-unen jawa
16. Kang ora kalebu jinise tembang macapat, yaiku ....
    a. Girisa b. megatruh c. kinanthi d. asmarandana
17. Tembung pangkur asale saka tembung ....
    a. mangku b. pangku c. mungkur d. pangurip

LIVEWORKSHEETS

Gatekno ringkesan crita ing ngisor iku!

***JOKO KENDIL***

*Joko Kendil yaiku putrane Prabu Asmawikana saka Kerajaan Ngambar Arum, Jawa Tengah, Indonesia, sing dilahirake cacat, yaiku kepalane kaya bentuk kendil. Kendil ing basa Jawa tegese pot utawa panci. Miturut crita, Joko Kendil nandhang cacat amarga dikalahake dening dukun wiwit isih ana ing rahim ibune. Senadyan kahanan kasebut, Joko Kendil bisa nikahi putri raja ayu lan ayu.*

18. Sing dadi paraga utama ing ringkesan crita ing dhurur yaiku ....
    a. Joko Kendil c. pot utawa panci
    b. Prabu Asmawikana d. Kerajaan Ngambar Arum
19. Cacahing wanda saben sagatra diarani ....
    a. Guru gatra b. guru lagu c. guru wilangan d. sasmita
20. *Cipir mrambat kawat ....*
    Jangkepane isi parikan ing dhuwur, yaiku....
    a. Ora mampir angger liwat c. Aku seneng mangan cipir
    b. Ora ngapa sing penting banter d. Manggis karengat
21. *Ibu dhawuh, "Kowe kudu sing sregep sinau supaya pinter".*
    Ukara kasebut yen diowahi dadi ukara ora langsung dadi ... .
    a. Ibu dhawuh yen aku kudu sregep sinau supaya pinter.
    b. Ibu dhawuh, yen kowe sregep sinau mesti pinter.
    c. Ibu dhawuh, kowe sregepa sinau supaya pinter.
    d. Ibu dhawuh, sapa sing sregep sinau mesti pinter.
22. Bapak nembe maos koran ing teras ngajeng. Sing dadi wasesane ukara kasebut yaiku ....
    a. bapak b. nembe maos c. koran d. ing teras ngajeng
23. Salah sawijining paugeran tembang macapat yaiku guru gatra, kang diarani guru gatra yaiku…
    a. cacahe gatra saben sagatra c. cacahe wanda saben sagatra
    b. cacahe gatra saben sapada d. cacahe wanda saben sapada
24. Tembang macapat iku sawijine karangan kang kaiket mawa paugeran: guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan. Tembang macapat iku cacahe ana… .
    a. 10 b. 11 c. 12 d. 13
25. *Aksara Jawa lagi ditulis Santi ing buku tulis*. Ukara kasebut yen diowahi dadi ukara tanduk, dadi ...
    a. Santi lagi nulis aksara Jawa ing buku tulis
    b. Santi lagi ditulis aksara jawa.
    c. Aksara jawa lagi ditulis ing buku tulise Santi
    d. Nulis Santi aksara jawa ing buku tulis
26. *Godhong klaras godhong...*
    *Bocah memelas luru rejeki*
    Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran ing parikan iku...
    a. Nangka b. krambil c. kemangi d. gedhang
27. Sing nglagokake tembang ing pagelaran wayang diarani...
    a. Dhalang b. sinden c. niyaga d. blencong
28. *Saben dina Minggu, Sinta bola-bali menyang alun-alun saperlu arep olahraga bareng kancane.*
    Tembung rangkep bola-bali tegese........
    a. Mulih b. Bali c. Wira wiri d. Budhal mulih
29. Salah sijine paugeran tembang macapat yaiku guru wilangan. Ing ngisor iki sing diarani guru wilangan yaiku ….
    a. Cacahe gatra saben sagatra c. Dhong dhinge suwara ing pungkasane gatra
    b. Cacahing gatra saben sapada d. Cacahing wanda ing saben sak gatra
30. Ing ngisor iki jinis unen-unen Jawa, ***kajaba*** ....
    a. paribasan b. bebasan c. saloka d. geguritan
31. Ing ngisor iki kang dudu titikane bebasan, yaiku ....
    a. Ajeg panganggone c. tanpa jejer

LIVEWORKSHEETS

b. Tegese ora entar
d. ngemu surasa pepindhan

32. *"Sepi ing ... rame ing gawe".* Tembung sing cocok kanggo ngisi unen-unen kasebut yaitu...

a. Pamer
c. tuku
b. Pamrih
d. tulung

33. *Ibu mboten sios tindak dhateng Solo, amargi... waja.*

Tembung sing cocok kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur, yaiku ....

a. lara
b. sakit
c. gerah
d. mumet

34. wong kang uripe memelas cocok karo unen-unen....

a. Bebek mungsuh mliwis
c. jamur tuwuh ing selo
b. gajah ngidak rapah
d. kriwikan dadi grojogan

35. Jangkepana tembung paribasan ing ngisor iki supaya dadi paribasan kang mathuk!

*Rawe-rawe rantas, ....*

a. palang mujur
b. malang bingung
c. palang bubrah
d. malang-malang putung

36. *Pak Herman olehe nyambut gawe nganti **adus kringet**.*

Tembung entar kang kacetak kandel duweni teges....

a. nyambut gawe abot banget
c. metu kringete
b. adus nganti kringeten
d. entheng banget

37. *"Sapa ... bakal seleh."* Tembung sing cocok kanggo ngisi unen-unen kasebut yaiku ....

a. Bener
b. males
c. seleh
d. pinter

38. *Bapak benjing sonten badhe tindak ... Semarang.*

Tembung sing cocok kanggo ngisi cecek- cecek ing dhuwur yaiku....

a. saka
b. dhateng
c. saking
d. menyang

39. *Bapak ... kopi.* Tetembungan kang trep kanggo njangkepi ukara kasebut yaiku ….

a. ngombe
b. ngunjuk
c. mangan
d. dhahar

40. Ukara ing ngisor iki kang kalebu ukara tanggap, yaiku ....

a. Adhiku ngundhuh pelem.
c. Dewi nyapu latar.
b. Rotine dipangan Adhik.
d. Ibu mundut jajan kanggo simbah.

41. *Rikmanipun Simbah sampun kathah ingkang pethak.*

Ukara kang nganggo basa krama kasebut yen diowahi dadi basa ngoko yaiku ....

a. Rambute simbah wes akeh sing putih
b. Rekmane simbah wes akeh sing putih
c. Rambute simbah sampun akeh putihe
d. Rambute simbah sampun kathah putihe

*Gambuh*

*Sekar gambung ping catur*
*kang cinatur polah kang kelantur*
*Tanpo tutur katula-tula katali*
*Kadulu warsa kapatuh*
*Katuduh pan dadi awon*

42. Tembang gambuh ing dhuwur, guru wilangan lan guru lagune gatra ke-2 yaiku ....

a. 8 a
b. 8
c. 10 a
d. 10 u

43. ... *sing gawe layangan kuwi?* Tembung pitakon kang mathuk yaiku....

a. kapan
b. sapa
c. kepriye
d. wayah apa

44. Ing ngisor iki sing kalebu dhampak positipe globalisasi, yaiku ... .

a. ilange budaya asli
c. komunikasi soyo angel
b. majune teknologi
d. ilange pakulinan gotong royong

45. Sing kalebu dhampak negatif globalisasi, yaiku ... .

a. masyarakat tansah maju
c. anane pasar global
b. majune teknologi
d. ilange pakulinan gotong royong

46. Kabeh teks iku ngemot … dhewe-dhewe

a. pituduh
b. informasi
c. cara
d. sebab

47. Ing ngisor iki tumindak kang dadi panyebab lingkungan rusak, ***kajaba***… .

a. alas kobong
b. gunung gundhul
c. tebang pilih
d. banjir

48. Sing diarani Punakawan yaiku ... .

LIVEWORKSHEETS

a. semar, gareng, janaka, bagong
b. semar, arjuna, petruk, bagong
c. anoman, cakil, sembodro, nakula
d. semar, gareng, petruk, bagong

49. Ing ngisor kang ***ora*** kalebu tembang macapat yaiku… .
a. mijil
b. wirangrong
c. pangkur
d. pucong

50. Perang baratayuda iku perange Pandhawa karo ... .
a. kurawa
b. Punakawan
c. ramayana
d. kresna

LIVEWORKSHEETS